

# Yon Kòmansman Tounèf:

*Yon Rapò sou Distri Lekòl East Ramapo Central*

*24 Janvyè 2017*

Charles A. Szuberla, Jr., *Monitè*

John W. Sipple, *Monitè*



# Yon Kòmansman Tounèf

*Yon Rapò sou Distri Lekòl East Ramapo Central*

<b>SEKSYON</b>	<b>PAJ</b>
Responsablite Manm Komisyon an pou Monitè yo	2
Reyinyon a Vizit	2
Sa Monitè yo te Tande nan Kominote a	3
Aplikasyon Chapit 89 Lwa 2016 yo	6
Plan Akademik Estratejik	7
Plan pou Amelyorasyon Fiskal	8
Elèv k ap aprann lang Anglè	15
Elèv Andikape	17
Rekòmandasyon	18
Pwochen Etap yo	18
Dokiman Siplemantè yo: Tablo ak Dyagram	20

## **Responsablite Manm Komisyon an pou Monitè yo**

Nan jou ki te 16 out 2016, Manm Komisyon Depatman Edikasyon Leta (State Education Department) MaryEllen Elia te lonmen Charles Szuberla ak re-lonmen Dr. John Sipple kòm monitè (Monitè) pou Distri Lekòl East Ramapo Central (Distri). Pwogram kontwòl ane sa a baze sou anpil reyalizasyon nou obsève nan ane akademik 2015-2016, pandan lè Monitè ane anvan yo te travay avèk Distri a pou deziyen Dr. Deborah Wortham kòm sipè-entandan, amelyore ansèyman an ak aprantisaj la pou elèv li yo, ogmante transparans ak kominikasyon avèk kominote a, epitou kòmanse pwosesis pou reparasyon ak pwojè envestisman yo ki nesèsè anpil.

Monitè yo konsantre sou:

- Angajman kominote a ak kominikasyon;
- Kontwòl operasyon Distri a, tankou jesyon fiskal ak operasyonèl ak pwogram edikasyon, epi pou bay konsèy, rekòmandasyon, epitou pou pwopoze aksyon pou amelyorasyon nan Distri a;
- Pwopoze aksyon pou Depatman Edikasyon Leta pou asire elèv yo jwenn pwogram ak sèvis apwopriye, epitou pou asire Distri a sou chemen pou vin gen estabilite fiskal ak estabilite nan pwogram yo; epi
- Sipòte aplikasyon Chapit 89 Lwa 2016 yo, ki gen yon sèten objektif sou planifikasyon ak sipèvizyon fiskal ak bidjetè.

## **Reyinyon a Vizit**

Depi nominasyon yo nan mwa out 2016, Monitè yo te fè anpil vizit nan Distri a epi yo te rankontre avèk sipè-entandan an, konsèy administrasyon lekòl la, elèv yo, pwofesè yo, direktè yo, paran yo, Asosyasyon Paran-Pwofesè (Parent Teacher Association), branch lokal Asosyasyon Nasyonal pou Avansman Moun Nwa (Association for the Advancement of Colored People, NAACP), gwoup defans lokal Padres Unidos, administratè lekòl ki pa lekòl leta, manm klèje a, administratè Konsèy Administrasyon Sèvis Edikasyonèl Koperativ (Board of Cooperative Educational Services, BOCES) Rockland, ak ansyen manm konsèy administrasyon lekòl la. Answit, Monitè yo te patisipe nan reyinyon konsèy administrasyon lekòl la, tankou sesyon egzekitif yo. Anplis reyinyon yo patisipe, Monitè yo te resevwa anpil koutfil ak imèl paran yo, moun k ap viv nan kominote a, ak ekip Distri a.

Monitè yo ak Manm Komisyon an te rankontre avèk Sipè-Entandan an ak kabinè li, reprezantan kominote lekòl ki pa lekòl leta, ak pwofesè yo pou eksplike Distri a kondisyon sipèvizyon an ak wòl Depatman an ak Monitè yo. Monitè yo te patisipe nan ouvèti lekòl nan Kakiat Elementary School ak nan premye jou lekòl matènèl tout lajounen nan Summit Park Elementary School.

Monitè yo te kolabore avèk Sipè-Entandan an ak Asistan Sipè-Entandan an pou Responsablite pou revize egzijans yo pou Plan Estratejik Akademik ak Plan pou Amelyorasyon Fiskal.

Nan preparasyon pou pwojè investisman ki nesèsè anpil yo, Monitè yo te fè enspeksyon kat bilding pou evalye eta bilding yo.

Answit, Monitè yo te rankontre avèk komite dirijan Chestnut Ridge Middle School pou evalye planifikasyon yo pou lanse yon Pwogram Bakaloreya Entènasyonal (International Baccalaureate, IB). Pou kounye a lekòl la se yon Lekòl Prioritè nan sistèm responsablite leta epi li chwazi pwogram IB kòm estrateji amelyorasyon lekòl yo.

Answit, Monitè yo te revize ak apwouve itilizasyon yon sibvansyon lejislatif \$500,000 dola Manm Asanble Ellen C. Jaffe te jwenn. Yo pral itilize lajan an pou modènizasyon fondasyon k ap degrade yo jan sa endike anba la a:

- Graden deyò Spring Valley High School: \$310,000;
- Modènizasyon graden jimnastik ki nan Spring Valley High School: \$50,000;
- Fenèt devan Chestnut Ridge Middle School: \$90,000; ak
- Plan Asosye/Jeni/Legal/Lòt Frè: \$50,000.

Manm Komisyon an te vizite Elèv East Ramapo yo tou nan Hudson Valley P-TECH High School. Ou ta dwe remake tout elèv East Ramapo yo te pase nan senk egzamen obligatwa Regents anvan klas premye ane yo.

Monitè yo te rankontre tou avèk Jack Eisenbach, pwopriyetè antrepriz achitekti/jeni pou pwojè investisman East Ramapo. Sipè-Entandan an, Asistan Sipè-Entandan pou Finans ak Mesye Szuberla te rankontre avèk komite redaksyon Journal News pou eksplike objektif vòt sou obligasyon an, epi pou reponn kesyon sou fason yo ta aplike li si li te pase, epitou yo te patisipe nan yon reyinyon piblik kote enfòmasyon yo te prezante enfòmasyon ki asosye avèk amelyorasyon ekipman yo ba kominote a.

Monitè yo te sipèvize vòt la tou nan tout biwo vòt yo pandan vòt 6 desanm nan sou obligasyon pou pwojè investisman yo, ki te finalman adopte alawonnbadè avèk elektè yo nan distri a.

### **Sa Monitè yo te Tande nan Kominote a**

Monitè yo te resevwa kòmantè enpòtan anpil kalite moun ki konsène nan distri a. Sa ki endike anba la a se yon rezime kesyon ak enkyetid sèten gwoup moun ki konsène te fè konnen.

## Paran Elèv Lekòl Leta

- Sipò solid pou lekòl matènèl ki travay tout lajounen ak re-kòmansman pwogram boza;
- Dezi solid pou Distri a bay tout elèv yo yon okazyon pou yo resevwa yon ekselan edikasyon;
- Dezi solid pou Depatman Edikasyon Leta kontinye wòl kontwòl amelyore li;
- Enpòtans sèvis edikasyon siplemantè pou asire elèv yo prepare pou yo pran avantaj devwadmezon ki enteresan ak sevè;
- Dezi pou konsève lekòl matènèl ki travay tout lajounen ak rekòmansman yon pati na pwogram boza lekòl primè ki finanse avèk re-otorizasyon \$3 milyon dola nan sibvansyon lejislatif yo;
- Dezi pou detay sou fason yo pral itilize Sibvansyon pou Amelyorasyon Lekòl (School Improvement Grant) pou Chestnut Ridge Middle School;
- Enkyetid konsènan sistèm oryantasyon lekòl la ak erè nan orè yo;
- Disponiblite devwadmezon avanse;
- Enkyetid konsènan plon nan dlo pou bwè;
- Enkyetid konsènan pòs travay vid yo;
- Enkyetid konsènan etranje nan pwopriyete lekòl la pandan lekòl la ap fonksyone;
- Enkyetid konsènan nivo satisfaksyon ak disponiblite pwogram pou elèv imigran yo ak Elèv k ap Aprann Anglè yo;
- Dezi solid pou sipè-entandan an lonmen yon komite konsiltatif kominotè;
- Kesyon konsènan pousantaj referans nan edikasyon espesyal;
- Enkyetid konsènan resous ki afekte pou elèv ki pale Yidich;
- Enkyetid konsènan gwo dimansyon salklas yo;
- Dezi pou sipè-entandan an pibliye done gwoupe sou elèv yo pou piblik la;
- Dezi pou yon lyezon pou nouvo elèv ki pa pale Anglè kòm yon lang natifnatal;
- Enkyetid konsènan elèv ki pa santi yo akeyi yo;
- Enkyetid konsènan elèv ki gen fanmi yo ki gen difikilte pou pwouve y ap viv nan Distri a;
- Pwofesè yo bezwen fòmasyon sou divèsite;
- Enkyetid konsènan izòlman klas yo;
- Kesyon konsènan posiblite pou itilize lajan leta pou sèten pwogram;
- Enkyetid konsènan itilizasyon èd manyèl yo;
- Dinamizasyon Fondasyon Edikasyon an; epi
- Sipò pou rekòmansman pwogram yo apre lekòl tankou pwogram pou elèv imigran ki gen Edikasyon Fòmèl ki Sispann (Interrupted Formal Education, SIFE).

## Moun k ap Viv nan Kominote a

- Enkyetid konsènan si Distri a gen yon bidjè ki balanse;
- Enkyetid ki endike manm konsèy administrasyon ak administratè yo pa pran responsablite pou diminye balans lajan Distri a, itilizasyon lajan an yon fason ki pa kòrèk, epi vann bilding yo anba valè machann jis yo;
- Fwistrasyon ki endike Distri a te gen pwoblèm fiskal ki lakòz rediksyon pwogram yo pou elèv yo
- Enkyetid konsènan si kontra Distri a apwopriye ak kontwole kòrèkteman;
- Kesyon konsènan alokasyon èd leta Distri a parapò ak lòt distri ki gen pwopòsyon richès sanblab;
- Presizyon ak rapidite pwosesis faktirasyon Distri a;
- Fwistrasyon sou ogmantasyon enpòtan nan pri asirans lè New York State Insurance Reciprocal (NYSIR) te abandone Distri a;
- Dezi ak bezwen solid pou yon prezans Monitè leta k ap kontinye epi ki enpòtan;
- Sipò pou Monitè ki gen pouvwa veto sou desizyon konsèy administrasyon lekòl la;
- Sipò pou pwojè investisman leta dwe kontwole pou asire enterè piblik la pwoteje;
- Enkyetid ki endike yo pral vann bilding lekòl ki fèk modènize yo;
- Enkyetid konsènan efikasite, òganizasyon, ak depans sèvis transpò lekòl leta ak lekòl ki pa lekòl leta;
- Enkyetid konsènan kantite kontra yo bay san apèldòf;
- Enkyetid konsènan gwo depans legal yo;
- Konsekans fiskal pwojè investisman yo;
- Eksplikasyon fason konsèy administrasyon edikasyon an pral evite pwoblèm pou plasman fiti manm konsèy administrasyon an;
- Enfòmasyon sou fòmasyon sou divèsite konsèy administrasyon edikasyon an te patisipe;
- Mank kominikasyon sou plan pou vann otobis Distri lekòl la posede;
- Enkyetid sou founisè sèvis transpò pou lekòl ki pa lekòl leta ki estoke otobis yo nan lekòl leta yo epi sa lakòz vapè ap soti nan otobis yo;
- Demann pou kontre pou pwojè investisman ki pwopoze yo gen ladan efò pou anboche kontraktè minoritè;
- Kesyon konsènan si pral gen yon manadjè konstwiksyon pou pwojè investisman yo pwopoze yo; epi
- Enkyetid sou itilizasyon kabinè kontab PKF O'Connor Davies ak sitasyon yo resevwa nan men Komisyon Tit ak Echanj (Securities and Exchange Commission, SEC).

## Konsèy Administrasyon Edikasyon

- Enkyetid sou pwopòsyon pataj èd leta pou distri a;
- Sipò solid ak kolaborasyon avèk travay kontwòl nou;
- Enkyetid konsènan kabinè kontab Distri a;
- Enkyetid konsènan gwo depans legal distri a; epi
- Enkyetid konsènan sekirite nan lekòl la.

## Edikatè yo

- Espas ki pa apwopriye yo itilize pou ansèyman an;
- Enkyetid sou fason edikatè yo pral pran responsablite yo pou pèfòmans elèv yo;
- Sipò pou ogmantasyon devlopman pwofesyonèl; epi
- Kwasans kominote aprantisaj pwofesyonèl yo.

## Lekòl

- Elèv yo adopte deviz "Entèlijan se pa sa ou ye a, entèlijan se sa ou resevwa a";
- Mank graden pou espektatè yo nan evènman espòtif yo ak nan aktivite lekòl la;
- Move eta ekipman lekòl la;
- Fèb egzijans kèk pwofesè ap fè; epi
- Sipò pou sipè-entandan an.

## Gwoup Klèje yo

- Enkyetid konsènan jesyon konsèy administrasyon an ak transparans;
- Enkyetid konsènan edikasyon ekitab ak konvtab pou tout elèv yo; epi
- Dezi pou timoun ki nan Distri a resevwa yon edikasyon kalite siperyè ki ekitab ak konvtab.

## Administratè Lekòl ki pa Lekòl Leta

- Nivo Satisfaksyon Èd Leta pou Sèvis Transpò;
- Manm sèvis transpò lè lekòl leta yo p ap fonksyone, tankou jou dimanch yo; epi
- Distribisyon Èd pou Sèvis ki Obligatwa.

## **Aplikasyon Chapit 89 Lwa 2016 yo**

Chapit 89 Lwa 2016 yo te egzije Distri a pou kreye twa plan prensipal nan tèt ansanm avèk moun ki konsène nan kominote a ak monitè leta yo. Men plan yo:

1. Plan akademik estratejik pou anpil tan (2016-2020);
2. Plan pou amelyorasyon fiskal pou anpil tan; epi

3. Plan pou depans ki montre itilizasyon \$3 milyon dola nan sibvansyon lejislatif, Distri a te chwazi pou itilize nan kreyasyon lekòl matènèl ki travay tout lajounen ak rekòmansman pwogram Boza yo.

Investisman edikasyonèl yo ki finanse avèk kredi Leta respekte Rekòmandasyon 8 ak 10 Monitè Leta yo, ki endike nan rapò "Opòtinite Difere" ("Opportunity Deferred") 14 Desanm 2015 lan. Yo te devlope plan pou amelyorasyon fiskal la ak plan jeneral pou depans pou lòt \$3 milyon dola nan lajan Leta yon fason ki respekte Chapit 89 Lwa 2016 yo epitou nan tèt ansanm avèk monitè Leta yo.

Ansanm, twa plan yo dekri domèn debaz yo te idantifye kòm plan ki bezwen amelyorasyon, swa avèk monitè leta lonmen yo oswa avèk Distri a ak kominote a poukont li avèk egzèsis analiz rasin-kòz yo te fè pandan devlopman plan akademik estratejik la. Plan akademik estratejik la bay objektif ki kapab evalye ak estrateji fòmèl pou dekri domèn kote amelyorasyon nesesè nan Distri a, tankou, men pa sèlman:

- Estabilite finansyè;
- Opòtinite akademik ak rezilta pou tout elèv yo;
- Edikasyon ak pousantaj akselere siksè pou elèv andikape yo;
- Edikasyon ak pousantaj akselere siksè pou Elèv k ap Aprann Anglè yo; epi
- Konfòmite avèk lwa ak règleman leta ak federal ki anvigè.

Distri a te fè yon odyans piblik epi yo te resevwa kòmantè kominote a sou plan akademik ak estratejik ak plan pou depans nan jou ki te 7 septanm 2016. Yo te mete tout plan yo sou sitwèb Distri a. Apre konsèy administrasyon te konsidere kòmantè piblik yo te resevwa, konsèy administrasyon an te apwouve touletwa plan yo nan jou ki te 13 septanm 2016, epi yo te soumèt plan yo ba Manm Komisyon an pou revizyon nan jou ki te 20 septanm 2016. Manm Komisyon an te apwouve plan Distri a nan jou ki te 26 septanm 2016. Lekòl matènèl ki travay tout lajounen pou tout elèv yo ak pwogram boza te kòmanse nan jou ki te 6 oktòb 2016.

## **Plan Akademik Estratejik**

Monitè yo te ede distri a nan devlopman yon Plan Akademik Estratejik ki satisfè bezwen tout elèv yo ak kominote a. Plan Akademik Estratejik la gen ladan:

- \$3 Milyon Dola nan Sibvansyon Lejislatif pou nouvo pwogram yo:
  - Klas lekòl matènèl ki travay tout lajounen pou tout elèv ki kòmanse nan jou ki te 6 oktòb 2016
  - Ajoute pwofesè Lekòl Matènèl ki pale yon sèl lang ak sa ki pale de lang
  - Rekòmansman yon pati nan pwogram boza lekòl primè ki kòmanse nan jou ki te 6 oktòb 2016:
    1. Preparasyon Dans pou klas matènèl ak 1ye ane
    2. Preparasyon Mizik Jeneral pou klas 2yèm ane ak 3yèm ane



3. Preparasyon Teyat pou klas 4yèm ane
  4. Preparasyon Boza pou klas 4yèm ane, 5yèm ane ak 6yèm ane
  5. Peryòd kou avanse pou klas 4yèm ane, 5yèm ane ak 6yèm ane nan òkès, mizik enstriman, bann, ak koral
- Evalyasyon fòmasyon STAR-Renaissance ki annamoni avèk tès New York yo bay chak sis semèn;
  - Rapò paran yo sou evalyasyon fòmasyon;
  - Ogmantasyon nan opòtinite devlopman pwofesyonèl pou pwofesè yo ak direktè lekòl yo;
  - Nouvo tan planifikasyon nan tèt ansanm pou pwofesè lekòl primè yo;
  - Nouvo gwo egzijans pou tout elèv yo ak edikatè yo; epi
  - Sipò kontinye pou amelyorasyon kou yo bay yo.

Menmsi Distri a te fè amelyorasyon depi lè Depatman an te fè pi bon kontwòl, gen anpil elèv ki bezwen plis sipò pou akselere aprantisaj yo. Distri a bezwen mete anplas sipò siplemantè pou bidjè a tankou opòtinite apre lekòl ak opòtinite aprantisaj pandan vakans lete.

## **Plan pou Amelyorasyon Fiskal**

Misyon Distri Lekòl East Ramapo Central endike:

*"Kòm yon kominote ki inite, Distri Lekòl East Ramapo Central angaje pou edike timoun nan nèt lè nou bay yon anviwònman ki bon pou sante, ki pwoteje, ki bay sipò, ki bay motivasyon ak estimasyon. N ap fè sa kòm yon kominote ki ini avèk respè youn pou lòt pou manm li yo ak yon enkyetid komen pou satisfaksyon tout timoun yo. N ap jere resous Distri Lekòl la avèk efikasite. Pou reyalize misyon sa a, Distri Lekòl la te devlope yon plan fiskal ki konsantre sou twa eleman debaz:*

1. *Edike timoun nan nèt.*
2. *Amelyore ak antreteni anviwònman fizik lekòl nou yo ak lakou nou yo.*
3. *Mete anplas yon sistèm jesyon resous solid."*

Jan sa endike anwo a, Distri a te envesti yon lòt \$3 milyon dola nan sibvansyon Leta pou amelyore pwogram edikasyon an, epi nou te travay pou amelyore jesyon resous finansye ak materyèl distri lekòl la. Plan pou amelyorasyon fiskal la amonize resous finansye distri a avèk plan estratejik akademik.

## **Sipò sou Travay Ane Fiskal 2015-16**

Eta Finansye ki Pase nan Odit pou Ane Fiskal 2015-16 montre yon amelyorasyon enpòtan nan sityasyon finansye distri a. Men enfòmasyon finansye enpòtan yo nan eta finansye a:

- Fon Jeneral Distri a yo rapòte balans lajan ki pa afekte nan jou ki te 30 jwen se \$4,150,436 dola, yon ogmantasyon \$2,747,868 dola parapò avèk balans \$1,402,568 dola ki pa afekte yo te rapòte nan jou ki te 30 jwen 2015. Se te akòz depans yo ki te vin mwens pase depans yo te estime nan bidjè a \$1.3 milyon dola ak revni yo ki te depase estimasyon bidjetè yo a \$1.4 milyon dola.

- Ou ta dwe remake lwa Eta New York pèmèt distri lekòl yo konsève jiska 4% bidjè ane ki vini apre a, san kantite lajan ki afekte pou bidjè ane apre a, kòm yon balans lajan ki pa afekte. Pou Distri sa a, kantite lajan an ta apeprè \$8.97 milyon dola. Nan jou ki te 30 jwen 2016, Distri a te gen \$4,150,436 dola, oswa 1.84%, bidjè ane apre li ki endike nan balans lajan ki pa afekte;
- Pou bezwen trezòreri a, Distri a te prete \$15 milyon dola kòm yon avans sou lajan taks li dwe resevwa pou ane fiskal ki fini 30 jwen 2016. Obligasyon sa a, avèk enterè, te satisfè alè pandan ane fiskal la;
- Distri a te retire \$2,165,000 dola obligasyon ki gen echevans an seri nan ane anvan yo pou anpil pwojè investisman ak obligasyon taks lòd pou revize taks yo. Distri a te retire tou \$878,012 dola dèt pou kontra pou ranman enèji; epi
- Nan eta finansye Distri a nèt, aktif ak soti defere resous Distri a te depase responsablite yo, epi antre defere resous nan fen dènye ane fiskal li.

### **Pi Bon Kontwòl ak yon Bidjè 2016-17 ki Balanse**

Bidjè Distri a nan moman an pou ane 2016-17 nan balans estriktirèl. Pou asire bidjè kounye a ak fiti bidjè yo rete balanse, Distri a adopte yon règleman kontablite, li kontwòle bidjè a yon fason sevè, epitou li ranfòse pratik jesyon finansye ki endike anba la yo:

- Yo pran tout desizyon pou anboche nouvo anplwaye apre yon evalyasyon apwofondi sou resous bidjetè Distri a ak sou previzyon depans ki ka reyalize;
- Lis kantite lajan yo pa itilize ase ak kantite lajan yo itilize twòp nan rapò bidjetè chak mwa pou chak kont bidjetè;
- Aplike chak rekòmandasyon oditè entèn nan yon peryòd ane fiskal;
- Chèche epi jwenn sitasyon alekri ak aloral pou kontra ki pa depannde apèldòf;
- Kontwòle, analize ak evalye responsablite Distri a pou anpil tan chak ane, tankou, men pa sèlman, absans ki konpanse yo;
- Aplike pandan ane akademik 2016-17 Rekòmandasyon Monitè Leta nimewo 14 ki endike nan rapò "Opòtinite Difere" 14 desanm 2015, ki chèche egzamine kontra pou sèvis transpò avèk apwobasyon piblik la pandan yon twazyèm gwo kontraktè sèvis otobis ap chèche amelyore konpetisyon an pou sèvis yo; epi
- Adopte yon nouvo règleman pou kontablite avèk Konsèy Administrasyon Edikasyon.

Bidjè elektè yo te apwouve pou ane 2016-17 la (sof \$3 milyon dola nan sibvansyon lejislatif Leta ki endike anwo a) te baze sou pwogrè ki te fèt nan ane 2015-16, men ki pa t satisfè dezi kominote yo. Bidjè elektè yo te apwouve pou ane 2016-17:

- Te ajoute sèlman kat klas lekòl matènèl ki travay tout lajounen;
- Te mete Mizik Enstriman oswa Bann oswa Koral pou Elèv Klas 6yèm Ane;
- Te mete Boza Vizyèl pou Elèv Klas 5yèm Ane;
- Te ogmante Mizik Apre Lekòl/Ôf Kou Avanse nan Boza;
- Te amelyore devlopman pwofesyonèl pou ekip la;

- Te mete Akademi Klas Nevyèm Ane;
- Te mete gid pou Elèv Klas Tèminal Lekòl Segondè;
- Te mete yon pwogram Syans, Teknoloji, Jeni, Boza ak Matematik (Science, Technology, Engineering, the Arts, and Math, "STEAM") nan Kakiat School ki kòmanse avèk klas setyèm ane;
- Te mete yon pwogram Konpetans pou Li ak Ekri jiska Jeni nan Kakiat School; epi
- Te ajoute yon pòs travay atanplen pou fasilite yon pwogram prezans solid.

Sipè-Entandan an te mande pwogram ki endike anba la yo, men yo pa t mete pwogram yo:

- Pwogram Konpetans pou Li ak Ekri jiska Jeni nan klas 1ye ane-6yèm ane tout lekòl; epi
- Pwogram pou elèv ki briyan ak douwe pou tout klas.

Yon Sibvansyon \$2,497,895 dola yo te resevwa pou Amelyorasyon Lekòl la apre adopsyon bidjè a pral finanse kreyasyon yon Pwogram Bakaloreya Entènasyonal (IB) nan Chestnut Ridge Middle School ki se yon Lekòl Prioritè. Peryòd pwojè a okonplè pou sibvansyon sa a se senkan.

Kontinyasyon finansman pwojè a chak ane depannde pwogrè ki fèt pou reyalize objektif siksè, endikatè prensipal yo, fidelite aplikasyon aksyon modèl ki obligatwa yo, ak antretyen tout egzijans sibvansyon an.

### **Risk ak Responsablite**

Nan preparasyon plan pou amelyorasyon fiskal yo, Distri a te travay toutbon pou amelyore transparans lè yo te idantifye ak evalye risk posib ak responsablite pivevan yo. Men yon lis konplè anba la a:

- Nan ane 2011, Distri a te fè yon kontra pou rannman enèji avèk Johnson Controls, Inc. pou enstale anpil kontwòl ak aparèy ki efikas nan enèji toupatou nan bilding Distri a. Li sanble moun ki konsène yo pa t siyen ni apwouve okenn kontra. Distri a pa t kapab jwenn finansman pou pwojè a epi yo pa t konnen si travay la te kòmanse. Johnson Controls fè konnen yo te fè travay pou prèske \$1.9 milyon dola. Distri a te kwè li pa ta dwe gen obligasyon pou peye Johnson Controls kantite lajan yo mande a, paske li pa t jwenn finansman an anvan Johnson te kòmanse fè travay la. Afè sa a te ale nan medyasyon. Kounye a, gen yon akò Konsèy Administrasyon an aksepte ant Distri a ak Johnson Controls pou peye \$1 milyon dola sou yon peryòd senkan apati ane fiskal 2017-18. Bidjè Distri yo pwopoze pou ane 2017-18 ap gen premye peman \$200,000 dola ladan;
- Nan ane 2011-2012, Distri a te itilize \$662,523 dola nan finansman manje pou depans investisman ki pa t resevwa apwobasyon Depatman an davans. Answit, gen yon lòt posib \$80,000 dola refi pou lòt ane yo. Pou wè odit Depatman Edikasyon Leta sou rezilta sa yo, ale sou sitwèb: [http://www.oms.nysed.gov/oas/Audit\\_Report/SchoolDistricts/SchoolDistricts.html](http://www.oms.nysed.gov/oas/Audit_Report/SchoolDistricts/SchoolDistricts.html);

- Distri a gen yon pwoblèm pèmanan ki pa rezoud avèk Distri Ramapo Central konsènan tretman reklamasyon pou plasman elèv ki pa nan lekòl leta avèk paran k ap viv nan East Ramapo. Nan jou ki te 21 jwen 2016, Distri a te depoze yon aplikasyon pou "revizyon administratif yon reklamasyon pou peman" nan Depatman Edikasyon Leta. Kantite lajan ki konsène a se \$183,645 dola pou ane fiskal 2013-14 ak 2014-15;
- Nan mwa avril 2016, New York State Insurance Reciprocal (NYSIR) te deside sispann pwoteksyon pou Distri a. Desizyon sa a te gen yon konsekans negatif pou Distri a paske li te difisil pou chèche nouvo pwoteksyon asirans nan yon peryòd tan ki kout. Pa t gen okenn konpayi asirans ki te ofri pou angaje pou bay asirans pou Distri a. Frè pou peye pou asirans te ogmante a plis pase \$900,000 dola sou yon baz anyèl apati 1ye jiyè 2016. Aranjman avèk moun ki pote plent yo nan pwoosè dwa sivil ka ede distri a jwenn pwoteksyon ki pi bon mache. Distri a ap kontinye travay pou idantifye efikasite ak domèn risk pou peye ak redui frè siplemantè pou ane fiskal 2017-18 ak apre; epi
- Bilding Lekòl yo gen yon nesesite ijan pou renovasyon. Elektè Distri a te apwouve obligasyon \$59 milyon dola nan kèk pwojè investisman ak \$1.1 milyon dola nan kèk pwojè EXCEL nan jou ki te 6 desanm 2016. Pwojè yo pral satisfè bezwen enfrastrikti distri a ki pi enpòtan yo. Enpak fiskal pwojè yo pral minimal akòz retrè dèt ki la deja ak ranbousman leta fè yo a nan yon ritm 56.2 pousan.

Eleman prensipal pwogram renovasyon bilding lekòl yo gen ladan:

- \$9,898,000: Ranplasman fenèt nan Spring Valley High School, Summit Park Elementary, Ramapo High School, Fleetwood Elementary, Chestnut Ridge Middle School, Kakiat Elementary ak nan bilding administrasyon an. Ranplasman materyo fenèt yo nan Eldorado Elementary, Hempstead Elementary, Elmwood Elementary ak Lime Kiln;
- \$14,862,080: Ranplasman oswa renovasyon twati nan 14 lekòl Distri ak nan bilding administrasyon an. Ranplasman fenèt plafon nan Chestnut Ridge Middle School ak Kakiat Elementary;
- \$9,845,000: Ranplasman Aparèy Chofaj Dlo nan Fleetwood Elementary, Pomona Middle School, Summit Park Elementary, Chestnut Ridge Middle School, Grandview Elementary, Hempstead Elementary, Elmwood Elementary, Kakiat Elementary, Lime Kiln Elementary, Ramapo High School, Eldorado Elementary ak nan Bilding Administrasyon an;
- \$3,900,000: Ranplasman inite chofaj/ayerasyon nan Lime Kiln Elementary, Eldorado Elementary ak Chestnut Ridge Middle School;
- \$5,370,000: Ranplasman graden nan teren atletik lekòl segondè yo, ranplasman twotwa ki kraze, enstalasyon teren ki gen gazon atifisyèl nan Spring Valley High School ak Ramapo High School;
- Sistèm sekirite modènize, renovasyon nan salklas matènèl-8yèm ane pou ajoute laboratwa syans ak salklas edikasyon espesyal ak enstalasyon yon rezo Wi-Fi pou chak salklas ak biwo; epi

- Yon dezyèm pwopozisyon sou vòt la k ap chèche jwenn apwobasyon pou prete \$1,127,920 dola avèk pwogram Otorite Dòtwa Eta New York pou ranplase fenèt ak pòt ki nan lekòl primè Kabiat ak Fleetwood.

Distri a te anboche yon kabinè kontab tou kòm oditè entèn pou analize sèten domèn risk chak ane. Rapò Odit Entèn Jwen 2016 la te idantifye dènye amelyorasyon ki endike anba la yo nan pwosedi ak kontwòl entèn:

- Yo te lonmen nouvo direktè pou sipèvizè pwogram ki finanse yo ak sèvis transpò a;
- Peyè a anrejistre chèk jesyonè kont prensipal la resevwa yo; epi
- Distri a ap fè entèvyou final avèk anplwaye fòmèl yo nan resous imèn.

Answit, yo te fè amelyorasyon ki endike anba la yo nan dènye mwa yo:

- Anplwaye/machin revize rapò gaz pou itilizasyon egzajere;
- Nouvo kontra avèk otobis yo fè Distri a peye pou chak elèv (jan sa opoze pou chak otobis). Depatman Transpò kontwole kontaj chak elèv pou asire gen presizyon;
- Avantaj Depatman an itilize *WinCap* pou swiv faktirasyon pou ranbousman asirans sante;
- Anplwaye pewòl la konpare total yo ant kat pwentaj yo ak kantite èdtan ki pase nan orè koreksyon pewòl la; epi
- Acha Depatman an gwoupe ak retire vandè nan sistèm *WinCap*. Yo prevwa pwosesis la ap fini anvan mitan mwa janvyè 2017.

Rapò a te idantifye tou lòt amelyorasyon yo rekòmande epi ki potko aplike:

- Demann travay ak pwogramasyon itilizasyon teren ki pa antre yon fason konsistan nan aplikasyon lojisyèl pou gen bon jan swivi. Nouvo Direktè Bilding yo fèk anboche a (mwa oktòb 2016) te revize defayans Distri a nan itilizasyon aplikasyon lojisyèl la epi li te devlope yon plan pou koreksyon. Ou ta dwe sonje Bilding yo ak Lakou yo anba responsablite Asistan Sipè-Entandan Finans apati mwa out 2016. Yo te konn anba responsablite Resous Imèn;
- Distri a ta dwe chèche depans-avantaj lojisyèl kat memwa sou entènèt *WinCap* (*WinCap Web*). Ekip Distri a te fè rechèch avèk lojisyèl la epi li se yon pwodui ekonomik. Distri a pral gen yon pwopozisyon anvan 28 fevriye 2017;
- Distri a ta dwe egzamine rapò yo pou konpare tout tan yo pase sou diferan domèn antretyen pou detèmine si Distri a gen twòp anplwaye oswa mwens anplwaye nan yon domèn. Distri a prevwa gen plan pou mete lojisyèl la anplas anvan mwa jiyè 2017;
- Yo pa fè distribisyon pewòl an dirèk chak ane. Distri a pwograme egzèsis sa a nan de lekòl nan mwa fevriye 2017;
- Yo pa planifye antretyen prevantif akòz pwoblèm finansye. Yo te planifye antretyen an men sa pa depannde nivo bezwen an. Monitè yo ap travay avèk Distri a pou asire antretyen prevantif endike nan bidjè 2017-18.

- Yon dezyèm apwobasyon ta dwe fini sou transfè labank ki mwens pase \$50,000 dola. Pou kounye a, Règleman Konsèy Administrasyon egzije sèlman dezyèm siyati lè transfè a depase \$50,000 dola;
- Bòdwo Asirans Sante ki soti nan NYSHIP ta dwe konsilye avèk rapò depatman avantaj yo chak mwa (pa chak trimès). Distri a pral kòmanse yon pwogram konsilyasyon chak mwa nan mwa janvyè 2017 pou amonize li avèk nouvo tarif asirans sante; epi
- Ekip acha te diminye, sa ki kapab lakòz yon separasyon pwoblèm responsablite. Gen de manm ekip la k ap travay nan depatman acha, epi Distri a panse yo konpetan.

## **Tandans Distri a**

Tandans demografik yo ap kontinye afekte vizyon fiskal Distri a. Popilasyon elèv Distri a kounye a gen ladan apeprè 8,650 elèv lekòl leta ak 24,700 elèv ki pa nan lekòl leta. Gade Dokiman Sipleman B pou jwenn enskripsyon ki fèt nan chak lekòl. Sou popilasyon elèv lekòl leta yo, 84% se elèv ki nan sityasyon dezavantaj ekonomik epi 30% se Elèv k ap Aprann Lang Anglè (English Language Learners, ELL). Gade dokiman sipleman C.

Enskripsyon pou manje gratis ak manje pou pri redwi pou elèv lekòl leta yo te ogmante ant 59% gwoup total elèv yo nan ane 2007 ak 84.3% jodi a. Popilasyon ispanik lan ogmante ant apeprè 20% nan ane 2007 ak 50% popilasyon elèv yo nan moman an.

Yon eleman ki gen yon gwo enpak sou finans Distri a se kwasans popilasyon elèv ki nan edikasyon espesyal yo, ki ogmante a 58% depi ane 2003. Sa ki pi enpòtan an, kwasans egzajere sa a fèt nan menm moman popilasyon total elèv yo diminye. Poutèt sa, menmsi popilasyon elèv ki nan edikasyon espesyal te reprezante 11% tout elèv yo nan ane 2003, li te rive a plis pase 19% nan ane 2016. Nan ane 2016, kantite elèv ki nan edikasyon espesyal te diminye apèn apre anpil ane ogmantasyon.

Kwasans sa a nan idantifikasyon edikasyon espesyal se ka akòz de pwoblèm: chanjman demografik yo ak diminisyon nan pwogram yo. Nou jwenn pwopòsyon ogmante elèv ki nan fanmi ki pa touche ase revni ak elèv ELL yo avèk pousantaj edikasyon espesyal ki ogmante, men diminisyon nan bidjè ak nan pwogram yo te sevè epi sa te lakòz posiblite redwi pou pwofesè yo ak paran yo. Distri a gen yon nouvo Direktè Edikasyon Espesyal, epi gen nouvo sistèm ki anplas kounye a pou asire yo swiv idantifikasyon ak pwosedi Komite pou Edikasyon Espesyal (Committee on Special Education, CSE) kòrèkteman. Sa te lakòz yon diminisyon imedyatman nan plasman nan edikasyon espesyal ki pa apwopriye. Ou ta swe remake elèv ki pa elèv lekòl leta epi ki resevwa sèvis ki obligatwa legalman yo bay nan Distri a, pandan yo fèb nan kantite, konte nan fòmil èd leta.

Menmsi done enskripsyon pou manje gratis ak manje pou pri ki ba mete Distri a nan desil prensipal distri lekòl Eta New York ki pi pòv yo, kontrèman ak sa nou te espere, Distri a klase pami 20% premye Distri ki pi rich yo dapre yon Pwopòsyon Richès Melanje. Anomali a soti nan fason fòmil Éd Leta travay. Fòmil sa yo konsidere tout richès (revni ak pwopriyete) Distri a men yo divize li dapre elèv ki nan lekòl leta sèlman. Sa a se yon domèn rechèch pou Monitè k ap eseye kalkile frè pou peye pou elèv ki pa nan lekòl leta nan Distri a ak fason fòmil Éd Leta konte (oswa pa konte) pou frè sa yo.

Prèske 25,000 elèv ale nan lekòl ki pa lekòl leta - sitou Orthodox Jewish Yeshivas. Depi ane 2004-2005, popilasyon lekòl prive nan East Ramapo te ogmante a prèske 50% epi yo prevwa kwasans lan ap kontinye pou rive a prèske 4-5% chak ane. Ou ta dwe remake Distri a resevwa Éd pou Transpò nan leta pou elèv ki pa nan lekòl leta dapre fòmil èd leta ki la deja, ki gen ladan yon ponderasyon pou elèv ki pa nan lekòl leta nan kalkil richès distri lekòl la.

Transpò 33,350 elèv (24,700 ki pa nan lekòl leta ak 8,650 ki nan lekòl leta) te bezwen kreyasyon dezyèm pi gwo sistèm transpò leta apre Vil New York (Gade dokiman siplemantè C). Distri a te depanse \$29 milyon dola nan sèvis transpò pou ane 2015-16. Frè pou peye pou chak elèv ki apèn mwens pase \$900 dola konpare yon fason favorab avèk lòt mwayèn distri lekòl konte Rockland ak Westchester. Mwayèn depans Distri a pou transpò chak elèv nan Rockland se \$1,041 dola, pou Northern Westchester se \$1,394 dola, epi pou Southern Westchester se \$972 dola. Konpansasyon frè pou peye pou transpò elèv ki pa nan lekòl leta se posiblite pou chwazi yon fòmil kotizasyon leta ki gen ladan elèv ki pa nan lekòl leta ki ogmante kotizasyon leta. Pou ane akademik 2016-17, kotizasyon leta se 81.6% pou frè transpò kalifye ki asosye avèk elèv ki nan lekòl leta ak elèv ki pa nan lekòl leta alapas 41.9% si yo pa t mete elèv ki pa nan lekòl leta yo nan fòmil lan.

Distri a te travay epi l ap kontinye konsantre sou amelyorasyon sitiyoasyon fiskal li. Balans lajan ki pa afekte Distri a te rive a 0.4% revni yo apati ane fiskal 2014-15, men sa te amelyore pandan de dènye ane yo. Odit fiskal 2015-16 endike balans lajan ki pa afekte a pral prèske rive a 2% bidjè yo apwouve pou ane 2016-17. Menmsi ka gen kèk moun ki vle depanse lajan sa a nan pwogram yo, li enpòtan ak pratik sou plan fiskal pou yon distri lekòl konsève yon balans lajan pou depans yo pa prevwa.

## **Dirabilite**

Monitè yo te travay avèk Distri a pou prezante revni ak depans Distri a nan anpil ane k ap vini yo. Dapre dènye done yo, Distri a pral kapab konsève yon balans lajan pozitif pou dènye ane akademik lan. Answit, Distri a kapab espere konsève yon balans lajan pozitif pou anpil ane k ap vini yo lè nou sipoze sa ki endike anba la a:

- Enskripsyon nan lekòl leta yo ap ogmante nan yon ritm 1.3% chak ane, epi enskripsyon nan lekòl ki pa lekòl leta yo ap ogmante nan yon ritm 5.0% chak ane (Gade Dokiman Siplemantè C);
- Konsèy Administrasyon edikasyon an pwopoze epi elektè Distri a adopte bidjè ki gen ladan ogmantasyon taks jouk nan plafon taks la;

- Kwasans revni leta swiv dènye plan finansye leta; epi
- Dènye finansman Leta \$3 milyon dola ap kontinye chak ane.

Distri a dwe ogmante revni lokal yo pi vit pase plafon taks la pèmèt sa si distri a pral rekòmanse pwogram ki te diminye yo nan dènye nèf ane yo.

Nan ane akademik 2017-18 k ap vini an, Distri a ap jwenn anpil defi:

- Ranbousman \$724,616 nan depans ki pa salè yo pa t dwe retire nan lajan manje lekòl pou peryòd 1ye jiyè 2010 jiska 30 jwen 2015;
- Peman plis pase \$500,000 dola ba Distri Lekòl Ramapo Central pou sèvis yo bay pou elèv k ap viv nan East Ramapo; epi
- Yon aranjman yo fèk anonse pou peye \$435,000 dola dapre lòd taks.

Monitè yo ap travay avèk Distri a pou prezante chanjman yo espere nan demografi elèv yo, asyèt fiskal la ak rekòmansman pwogram akademik enpòtan yo. Rekòmansman pwogram yo, ki ajoute avèk sistèm klasman sistematik ak kritè pou edikasyon espesyal, ap ede redui ritm ak depans pou idantifikasyon edikasyon espesyal. Aplikasyon chanjman sa yo ka egzije adopsyon yon fiti bidjè ki depase plafon taks la oswa chanjman nan ranbousman leta pou montre depans ki fèt pou sèvis obligatwa yo pou yon kantite elèv ki pa nan lekòl leta epi k ap ogmante. Li enpòtan anpil pou konsèy administrasyon edikasyon konsidere dirabilite ak rekòmansman pwogram nan pandan negosyasyon kontra ki pral fèt la.

Pa twò lontan, moun ki te pote nan yon pwosè federal te retire reklamasyon yo kont konsèy administrasyon edikasyon Distri a. Sa ka fasilite yo ekonomize apeprè \$1.5 milyon dola nan frè legal chak ane.

### **Planifikasyon Bidjè 2017-18**

Menmsi Distri a montre amelyorasyon nan nòt elèv yo fè pou tès yo ak nan pousantaj elèv ki diplome, nivo siksè a enferyè delwen avèk nivo kominote a, konsèy administrasyon edikasyon, sipè-entandan an, ak elèv yo espere. Se objektif Distri a pou fasilite chak elèv jwenn posiblité pou patisipe nan pwogram boza entegre, klas Plasman Avanse (Advanced Placement, AP), ak kou Distenksyon. Bidjè ane k ap vini an pral bezwen ajoute sipò siplemantè pou pèmèt tout elèv yo jwenn avantaj nan kou amelyore yo. Yon lis kou amelyore disponib yo ofri kounye a endike nan Dokiman Siplemantè A.

### **Elèv k ap aprann lang Anglè**

Biwo Edikasyon Bileng Depatman an ak Lang Lemonn (Office of Bilingual Education and World Languages, OBEWL) ap travay avèk Distri a pou egzekte plan aksyon korektif (corrective action plan, CAP) li. OBEWL re resevwa rapò premye trimès Distri a nan yon manyè apwopriye nan jou ki te 15 oktòb 2016. Rapò a endike Distri a ap fè efò san pran souf ak bon pwogrè pou konfòme li avèk obligasyon CAP yo. Pwochen rapò trimès Distri a dwe parèt nan mwa janvyè 2017.



Obligasyon Distri a anba CAP gen ladan:

- Idantifikasyon enterè paran yo avèk presizyon konsènan chwa pwogram edikasyon bileng ak Anglè kòm yon Nouvo Lang (English as a New Language, ENL) ak kreyasyon/antretyen pwogram edikasyon bileng jan sa obligatwa dapre deklanchè popilasyon elèv yo;
- Bay ELL/MLL Debitan ak Entèmedyè aksè nan pwogram akademik debaz ak yon chemen pou yo diplome;
- Asire konfòmite avèk Seksyon 100.2(y) Règleman Manm Komisyon an konsènan dokiman laj ak adrès;
- Asire antretyen sistèm done pou dosye ki gen presizyon sou lang yo pale nan kay ak nan elèv ki nan popilasyon ELL/MLL li;
- Administre kòrèkteman Kesyonè sou Lang yo Pale nan Kay epi itilize done yo rasanble ladan pou idantifye lang yo pale lakay elèv ELL/MLL yo avèk presizyon;
- Bay ELL/MLL yo enstwiksyon apwopriye; tankou:
  - Enstwiksyon distenge ki apwopriye pou klas la ak nivo konpetans elèv yo nan Anglè;
  - Ase materyèl ansèyman nan lang natifnatal elèv yo nan klas edikasyon bileng; epi
  - Asire pa gen defayans ak deranjman nan orè yo (pa egzantp, anpil chanjman nan klas nan mitan semès, anpil sal etid pa jou, oswa separasyon ENL nan de peryòd);
- Bay enfòmasyon apwopriye pou ELL/MLL yo ak paran yo konsènan dwa yo pou edikasyon ak pwogram yo; epi
- Plasman nouvo ELL/MLL yo nan dis (10) jou enskripsyon ak kòmansman pwosesis pou idantifye ELL/MLL yo.
  - Nan jou ki te 22 out 2016, ERCSD te voye yon lèt ba OBEWL pou mande sispansyon CAP li ki baze sou efò distri a ak pèfòmans pase li.

OBEWL te fè Distri a konnen li pa kapab sispann CAP paske li kontinye ap resevwa plent manm kominote a, malgre kolaborasyon distri a ak fason yo reponn pou rezoud plent sa yo, jan sa dekri anba la a. Poutèt sa, CAP Distri a pral kontinye jouk nan manda nòmal twazan an, ki te kòmanse nan semèn prentan ane 2015 epi k ap kontinye jouk nan semès lotòn ane 2017.

OBEWL resevwa plent manm kominote a pafwa ki endike anpil enkyetid, epi distri te kolabore pou rezoud pwoblèm sa yo. An patikilye, te gen enkyetid konsènan oryantasyon ak plasman elèv yo nan pwogram bileng yo:

- OBEWL te rezoud de pwoblèm yo byen vit (youn nan Fleetwood Elementary School ak youn nan Spring Valley High School) konsènan refi pou ofri pwogram bileng pou de elèv ki te fèk enskri.
- Yon fason volontè, Distri a te fè OBEWL konnen li gen difikilte pou ofri plas nan pwogram bileng pou tout ELL/MLL ki enterese yo nan nivo lekòl segondè akòz kontrent dimansyon klas kontraktiyèl, epi li te chèche èd teknik nan OBEWL. Pou reyalize sa, OBEWL ap travay avèk distri a pou:
  - Ankouraje afichaj pou edikasyon bileng sètifye pou yo kapab ogmante kantite salklas bileng yo epi

- Asire distri a bay sipò nan lang natifnatal pou tout elèv ki mande pwogram bileng yo.

## **Elèv Andikape**

Biwo Rejyonal Hudson Valley pou Asirans Kalite Edikasyon Espesyal (Special Education Quality Assurance, SEQA) ap fè yon Revizyon Pwogram ak Sèvis Edikasyon Espesyal nan Distri a. Revizyon Sible a la pou detèmine si Distri a konfòme li avèk sèten lwa ak règleman federal ak leta konsènan jan yo bay pwogram ak sèvis edikasyon espesyal pou elèv andikape ki gen laj pou ale lekòl. Li enpòtan anpil pou yo bay pwogram edikasyon ak sèvis espesyal apwopriye pou yo jwenn pi bon rezilta pou elèv andikape ki gen laj pou ale lekòl. Revizyon Sible a konsène domèn ki endike anba la yo:

- Domèn 1 – Devlopman Pwogram Edikasyon Endividyèl (Individualized Education Program, IEP);
- Domèn 2 – Egzekisyon IEP;
- Domèn 3 – Ansèyman Ekip Kalifye Bay;
- Domèn 4 – Livrezon Pwogram ak Sèvis Edikasyon Espesyal;
- Domèn 5 – Entèkansyon nan Konpòtman;
- Domèn 6 – Sal pou Pase Tan, si genyen; epi
- Domèn 7 – Sansibilizasyon Pran sou Livrezon ak Pwogrè Edikasyon Jeneral.

Revizyon Sible Distri a konsantre sou elèv andikape ki nan klas 1ye ane jiska klas 3yèm ane nan kat lekòl primè sa yo: Grandview Elementary; Margetts Elementary; Summit Park Elementary; ak Fleetwood Elementary. Yo te idantifye elèv ki nan klas 1ye ane jiska klas 3yèm ane kòm objektif revizyon sa a kòm pousantaj elèv andikape nan fason yo bay nòt nan lekòl primè idantifye yo nan Nivo 1 nan Evalyasyon Leta pou Klas 3yèm-8yèm ane ak nan matematik ki ant 69% ak 96%.

Yo te fè yon premye reyinyon nan jou ki te 9 novanm 2016 avèk Sipè-Entandan an, de Asistan Sipè-Entandan, kat Direktè lekòl primè, ak ekip SEQA pou yo te kapab diskite sou pwosesis revizyon an. Nan jou ki te 1ye ak 2 desanm 2016, ekip SEQA te fè revizyon dosye pou elèv andikape yo nan yon modèl revizyon. Answit, ekip SEQA te fè vizit nan salklas yo nan jou ki te 5 desanm 2016 nan Fleetwood Elementary, nan jou ki te 7 desanm 2016 nan Grandview Elementary, nan jou ki te 12 desanm 2016 nan Margetts Elementary, epi nan jou ki te 13 desanm 2016 nan Summit Park Elementary.

Nan mwa janvyè 2017, SEQA prevwa li pral resevwa sondaj ekip Distri a epi l ap fè entèvyou avèk paran yo ak obsèvasyon reyinyon Komite pou Edikasyon Espesyal. Peryòd yo prevwa pou pibliye Rapò Final Revizyon Sible a se fen mwa fevriye 2017. SEQA pral kontwòle rezolisyon Distri a pou nenpòt non-konfòmite yo idantifye ki endike nan Plan Asirans Konfòmite a.

## **Rekòmasyon**

Monitè yo rekòmande pou yo kontinye sibvansyon lejislatif \$3 milyon dola a. Si yo pa kontinye sibvansyon \$3 milyon dola a, distri a p ap gen mwayen fiskal pou konsève lekòl matènèl ki travay tout lajounen pou tout elèv yo ak dènye rekòmansman yon pati nan pwogram boza lekòl primè yo. Monitè yo rekòmande toutbon pou yo pa itilize dènye balans lajan Distri a pou finanse rekòmansman sa yo paske balans lajan an mwens pase de pousan bidjè fon jeneral la. Itilizasyon balans lajan an ta kite distri a avèk mwayen ki limite anpil pou leve defi fiskal yo pa prevwa yo. Eliminasyon sibvansyon \$3 milyon dola a ta itilize tout balans lajan Distri a.

Monitè yo rekòmande tou pou Manm Komisyon an kontinye itilize otorizasyon ki la deja pou asire Distri a gen sipò pèmanan anplas pou asire dènye pwofi Distri a pa pèdi epi pwogrè ap kontinye fèt.

## **Pwochen Etap yo**

Monitè yo pral kontinye kolabore avèk ekip Depatman an ki te itil anpil-anpil ak apwopriye nan èd yo.

Domèn objektif la gen ladan:

1. Pèfòmans ak Prezans Elèv yo
  - Biwo Responsablite ak Amelyorasyon Lekòl (Offices of Accountability and School Improvement) ak Monitè yo ap revize ak analize done yo pou idantifye domèn ki bezwen resous siplemantè.
2. Elèv k ap aprann lang Anglè
  - Biwo Edikasyon Bileng Depatman an ak Lang Lemonn (Office of Bilingual Education and World Languages, OBEWL) pral kontinye travay avèk Distri a pou kontwole fason Distri a ap egzekite plan aksyon korektif (corrective action plan, CAP) Distri a.
3. Elèv ki gen bezwen espesyal
  - Nan mwa janvyè 2017, Biwo Rejyonal Hudson Valley Asirans Kalite Edikasyon Espesyal (SEQA) pral resevwa sondaj ekip Distri a epi l ap fè entèvyou avèk paran yo ak obsèvasyon reyinyon Komite pou Edikasyon Espesyal. Peryòd tan yo prevwa pou pibliye Rapò Final Revizyon Sible a se fen mwa fevriye 2017. SEQA pral kontwole rezolisyon Distri a pou nenpòt non-konfòmite yo idantifye ki endike nan Plan Asirans Konfòmite a.

4. Edikasyon Siplemanchè
  - Monitè yo ap travay avèk Biwo Sipò ak Sèvis Elèv (Office of Student Support Services) Depatman an pou idantifye resous pou bay sèvis edikasyon siplemanchè. Monitè yo ap analize posiblite tou pou rekòmanse pwogram yo te elimine yo.
5. Tès Pèfòmans
  - Dr. Sipple ap konpare East Ramapo avèk lòt Distri ki kapab konpare yo pou idantifye opòtinite pou idantifye pi bon pratik yo ak ekonomi yo.
6. Sèvis Transpò
  - Biwo Transpò Elèv yo ak Dr. Sipple ap analize efikasite sistèm ki la kounye a ak fason pou redui depans yo.
7. Manyèl yo pa nan Lekòl Leta
  - Monitè yo te mande yon lis òd-dacha ak envantè manyèl nan Distri a. Mesye Szuberla pral revize materyèl la avèk ekip Depatman apwopriye a pou asire yo achte manyèl ki akseptab yo sèlman, epi Distri a ap konsève yon envantè manyèl yo prete pou lekòl ki pa lekòl leta yo.
8. Èd Leta
  - Monitè yo ap travay avèk Biwo Finans Edikasyon (Office of Education Finance) pou etidye posiblite pou elèv ki pa nan lekòl leta yo nan fòmil èd leta.
9. Bidjè Distri 2017-18
  - Monitè yo ak ekip Depatman an ap travay avèk Distri a nan bidjè ane k ap vini an nan yon plan senkan dirab k ap rekòmanse pwogram siplemanchè enpòtan yo.
10. Modènizasyon Bilding Lekòl yo
  - Monitè yo ak Biwo Planifikasyon Bilding yo pral kontinye kontwole travay modènizasyon lekòl yo, pou asire Distri a ogmante èd leta bay pou bilding yo nèt epi rezoud enkyetid piblik la.
11. Kontra yo
  - Biwo Sèvis Jesyon Edikasyon (Office of Education Management Services) ak Monitè yo te resevwa kopi tout gwo kontra epi yo te kòmanse revize kontra yo ak demann pwopozisyon pou pwokire kontra yo.

## **Dokiman Siplemantè yo: Tablo ak Dyagram**

## Kou Amelyore yo Ofri: Ane Akademik 2016-17

Kou	Kantite Total Seksyon	Ramapo High School	Spring Valley High School
<b>Anglè</b>			
Distenksyon	15	10	5
Plasman Avanse (Advanced Placement, AP)	4	2	2
Avans sou Pwojè	2	2	0
Kolèj nan Lekòl Segondè	17	8	9
<b>Matematik</b>			
Distenksyon	9	5	4
Plasman Avanse (AP)	2	1	1
Avans sou Pwojè	0	0	0
Kolèj nan Lekòl Segondè	1	0	1
<b>Syans</b>			
Distenksyon	20	11	9
Plasman Avanse (AP)	2	1	1
Avans sou Pwojè	0	0	0
Kolèj nan Lekòl Segondè	1	0	1
<b>Syans Sosyal</b>			
Distenksyon	14	8	6
Plasman Avanse (AP)	8	3	5
Avans sou Pwojè	4	2	2
Kolèj nan Lekòl Segondè	4	0	4

<b>Kou</b>	<b>Kantite Total Seksyon</b>	<b>Ramapo High School</b>	<b>Spring Valley High School</b>
<b>Lang monn lan</b>			
Distenksyon	8	4	4
Avanse	9	4	5
Plasman Avanse (AP)	2	2	0
Avans sou Pwojè	0	0	0
Kolèj nan Lekòl Segondè	5	3	2
<b>Kantite Total Seksyon</b>	127	66	61

- Pou konparezon nan ane 2006 Distri a te ofri 16 kou AP diferan epi yo te konsidere li kòm yon premye Distri nasyonal.

Dokiman Siplemantè B

Dat Egzekisyon: Vandredi, Oktòb 14, 2016


Rapò Jeneral Enskripsyon BEDS nan Distri Lekòl East Ramapo Central  
pou Ane 2016-2017

BEDS Day Oct 2014	Total	Male	Female	Am. Native	Black (non Hisp.)	Asian	Hispanic	White (non Hisp.)	Mult	POV			Sp. Ed.		ESL
										Free	Red.	Total	SC	ALL	ALL
EAST RAMAPO	8586	4493 52.3%	4093 47.7%	3 0.0%	2966 34.5%	349 4.1%	4832 56.3%	346 4.0%	81 0.9%	6351 74.0%	426 5.0%	6777 78.9%	1239 14.4%	1641 19.1%	2762 32.2%
Spring Valley High School	1228	670 54.6%	558 45.4%	0 0.0%	516 42.0%	47 3.8%	624 50.8%	40 3.3%	0 0.0%	915 74.5%	75 6.1%	990 80.6%	153 12.5%	207 16.9%	420 34.2%
Ramapo High School	1349	728 54.0%	621 46.0%	0 0.0%	608 45.1%	75 5.6%	605 44.8%	45 3.3%	15 1.1%	940 69.7%	74 5.5%	1014 75.2%	127 9.4%	197 14.6%	305 22.6%
Chestnut Ridge Middle School	576	304 52.8%	272 47.2%	0 0.0%	210 36.5%	18 3.1%	319 55.4%	23 4.0%	6 1.0%	450 78.1%	34 5.9%	484 84.0%	129 22.4%	167 29.0%	119 20.7%
Pomona Middle School	457	232 50.8%	225 49.2%	0 0.0%	180 39.4%	20 4.4%	237 51.9%	8 1.8%	12 2.6%	350 76.6%	27 5.9%	377 82.5%	93 20.4%	110 24.1%	104 22.8%
Fleetwood Elementary	551	285 51.7%	266 48.3%	1 0.2%	110 20.0%	11 2.0%	411 74.6%	14 2.5%	2 0.4%	422 76.6%	19 3.4%	441 80.0%	27 4.9%	50 9.1%	287 52.1%
Grandview Elementary	468	241 51.5%	227 48.5%	0 0.0%	112 23.9%	12 2.6%	317 67.7%	21 4.5%	6 1.3%	361 77.1%	21 4.5%	382 81.6%	48 10.3%	65 13.9%	207 44.2%
Hempstead Elementary	463	248 53.6%	215 46.4%	0 0.0%	181 39.1%	18 3.9%	223 48.2%	33 7.1%	6 1.3%	319 68.9%	16 3.5%	335 72.4%	104 22.5%	123 26.6%	141 30.5%
Kakiat Elementary	460	233 50.7%	227 49.3%	0 0.0%	179 38.9%	28 6.1%	234 50.9%	13 2.8%	5 1.1%	343 74.6%	26 5.7%	369 80.2%	103 22.4%	132 28.7%	96 20.9%
Margetts Elementary	584	305 52.2%	279 47.8%	0 0.0%	155 26.5%	34 5.8%	350 59.9%	38 6.5%	7 1.2%	445 76.2%	28 4.8%	473 81.0%	22 3.8%	47 8.0%	275 47.1%
Kakiat Middle School	146	73 50.0%	73 50.0%	0 0.0%	74 50.7%	14 9.6%	50 34.2%	3 2.1%	4 2.7%	99 67.8%	19 13.0%	118 80.8%	33 22.6%	42 28.8%	15 10.3%
Summit Park Elementary	509	253 49.7%	256 50.3%	0 0.0%	161 31.6%	21 4.1%	305 59.9%	14 2.8%	8 1.6%	386 75.8%	14 2.8%	400 78.6%	53 10.4%	76 14.9%	156 30.6%
Lime Kiln Elementary	452	223 49.3%	229 50.7%	1 0.2%	126 27.9%	12 2.7%	297 65.7%	15 3.3%	1 0.2%	389 86.1%	18 4.0%	407 90.0%	120 26.5%	151 33.4%	185 40.9%
Elmwood Elementary	492	256 52.0%	236 48.0%	0 0.0%	121 24.6%	20 4.1%	299 60.8%	49 10.0%	3 0.6%	409 83.1%	19 3.9%	428 87.0%	112 22.8%	132 26.8%	195 39.6%
Eldorado Elementary	485	240 49.5%	245 50.5%	0 0.0%	146 30.1%	9 1.9%	308 63.5%	18 3.7%	3 0.6%	386 79.6%	27 5.6%	413 85.2%	94 19.4%	112 23.1%	166 34.2%
Early Childhood Center	366	202 55.2%	164 44.8%	1 0.3%	87 23.8%	10 2.7%	253 69.1%	12 3.3%	3 0.8%	137 37.4%	9 2.5%	146 39.9%	21 5.7%	30 8.2%	91 24.9%



## Done Tandans

1. Enskripsyon nan Lekòl Leta ak nan Lekòl ki pa Lekòl Leta
2. Enskripsyon yo Prewa nan Lekòl Leta
3. Repa Gratis ak manje pou Pri Redui ak Elèv k ap Aprann Lang Anglè
4. Depans pou Transpò pou Chak Elèv





**Enskripsyon nan Lekòl Leta ak Enskripsyon k ap Ogmante  
nan Lekòl ki pa Lekòl Leta  
(Previzyon jiska 2020)**


Enskripsyon

Enskripsyon  
nan Lekòl Leta

Enskripsyon  
nan Lekòl ki  
pa Lekòl Leta



### Depans pou Sèvis Transpò pou Chak Elèv chak An



	2007	2008	2009	2010	2011	2012	2013	2014
ERCSD	\$857	\$848	\$848	\$879	\$882	\$852	\$811	\$857
Rockland	\$964	\$1,024	\$1,007	\$1,001	\$1,003	\$1,010	\$1,030	\$1,084
N. Westchester	\$1,172	\$1,202	\$1,224	\$1,254	\$1,321	\$1,353	\$1,388	\$1,394
S. Westchester	\$895	\$945	\$955	\$982	\$951	\$947	\$918	\$972